

KONJE APWOUVE PEYE POU MALADI COVID-19 (PAID SICK LEAVE)



ANPLWAYE

Nouyòkè yo gen garanti pwotection travay ak konpansasyon finansye pandan ke y ap sibi yon **isolman/karantèn obligatwa oswa pa prekosyon sou òdonans** akoz COVID-19.

OU GEN DWA A PWOTEKSYON AK BENEFIS SA YO SI W NAN KARANTÈN SOU ÒDONANS PA PREKOSYON OSWA OBLIGATWAMAN:

Si w ap travay pou yon biznis avèk **10 oswa mwens** anplwaye epi biznis la gen yon **revni nèt mwens ke 1 milyon dola** ane pase, ou gen dwa a:

- Pwotection djòb ki garanti pandan dire karantèn lan.
- Benefis Pèman pou Konje Familyal (Paid Family Leave -PFL) ak Benefis Pou Andikap (Disability Benefits -DB) atravè règleman aktyèl anplwayè w la. Ou ka resevwa salè w la melanje ansanm jiska yon maksimòm 2884,62\$ pa semèn pou kantite tan karantèn obligatwa oswa pa prekosyon an.

Si w ap travay pou yon biznis ki gen **10 oswa mwens** anplwaye epi biznis la gen yon **revni nèt plis ke 1 milyon dola** ane pase, ou gen dwa a:

- **Omwen 5 pèman pou konje maladi COVID-19** epi w gen garanti pwotection travay pandan kantite tan òdonans karantèn lan.
- Aprè yo fin peye jou sa yo pou konje maladi COVID-19 la, ou ka kalifye pou PFL ak DB atravè règleman aktyèl anplwayè w la. Ou ka resevwa salè w la melanje ansanm jiska yon maksimòm 2884,62\$ pa semèn pou kantite tan karantèn obligatwa oswa pa prekosyon an.

Si w ap travay pou yon biznis ki gen **11-99** anplwaye, ou gen dwa a:

- **Omwen 5 pèman pou konje maladi COVID-19** epi w gen garanti pwotection travay pandan kantite tan òdonans karantèn lan.
- Aprè yo fin peye jou sa yo pou konje maladi COVID-19 la, ou ka kalifye pou PFL ak DB atravè règleman aktyèl anplwayè w la. Ou ka resevwa salè w jiska yon maksimòm 2884,62\$ pa semèn pou kantite tan karantèn obligatwa oswa pa prekosyon an.

Si w ap travay pou yon biznis ki gen **100 oswa** anplwaye, ou gen dwa a:

- Pwotection djòb ki garanti pandan dire karantèn lan.
- **Omwen 14 jou pèman pou konje maladi COVID-19 pandan òdonans karantèn lan.**

Si w ap travay pou yon anplwayè publik (kèlkeswa kantite anplwaye a) ou gen dwa a:

- **Omwen 14 jou pèman pou konje maladi COVID-19 pandan òdonans karantèn lan.**

NÒT ENPÒTAN:

- **Siw an karantèn men ou an mezi pou w travay lakay ou, ou pa kalifye pou benefis sa yo.**
- Benefis pou konje karantèn COVID-19 yo disponib sèlman pandan òdonans karantèn lan oswa izolman an. Yon fwa ke yon moun pa sou òdonans karantèn lan oswa izolman an ankò, yo pa kalifye ankò pou benefis konje karantèn oswa izolman yo COVID-19 Nouyòk yo.
- Si biznis ou a fèmen akoz COVID-19, anplwaye w yo ka aplike pou asirans chomaj imidyatman.

KESYON:

- Pou Plis Enfòmasyon, ale sou paidfamilyleave.ny.gov/COVID19
- Liy-Dirèk Konje Peye pou maladi COVID-19: **844-337-6303**